




KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

DALAN DHANDELES

Jalan Dhandeles



Penulis: Budi Sardjono
Ilustrator: Angga Yuniar S.

C



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

DALAN DHANDELES

Jalan Dhandeles

Penulis : Budi Sardjono
Ilustrator : Angga Yuniar Santosa
Penerjemah: Budi Sardjono

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

DALAN DHANDELES (JALAN DHANDELES)

Penulis : Budi Sardjono
Ilustrator : Angga Yuniar Santosa
Penerjemah : Budi Sardjono
Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih
Penata letak: Angga Yuniar Santosa

Penerbit
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-454-8

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 14-18.
ii, 32 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Kabalai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.


Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini semakin menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Karakter Tokok



Kaya adat saben, angger wayah esuk bocah-bocah padha mlebu sekolah. Amarga sekolahane dadi siji, mula banjur padha ampir-ampiran. Seneng menawa ing dalan ana kancane. Bisa gegojekan.

Esuk kuwi Darman ngampiri Heru. Kekarone banjur ngampiri Anto. Dene Nanang lan Dewo wus nunggu ing pinggir lurung. Sabanjure bocah papat kuwi ngampiri Eni, Lastri, Edi, lan Sahid.

Bocah sanga mau banjur mlaku bareng tumuju sekolahane. Sekolahane ora adoh saka Padhukuhan Mulyareja. Nanging, kudu ngliwati dalan sing wis rusak.

Seperti biasa, setiap pagi anak-anak pergi ke sekolah. Karena sekolahnya jadi satu, mereka berangkat bersama-sama. Senang jika di jalan ada temannya. Bisa bercanda satu sama lain.

Pagi itu Darman menghampiri ke rumah Heru. Keduanya lalu menjemput Agus. Sedangkan Nanang dan Dewo sudah menunggu di ujung gang. Mereka berempat lalu menjemput Eni, Lastri, Edi, dan Sahid.

Sembilan anak itu kemudian bersama-sama menuju sekolah. Jarak antara Padukuhan Mulyarejo dengan sekolahane tidak jauh. Namun, mereka harus melewati jalan yang sudah rusak.



Kanca-kancane mung padha meneng awit ora ngerti kudu wangsulan sing kepiye. Saben dina dheweke kabeh ngliwati dalan kuwi.

Mangkat sekolah, bali sekolah, uga menawa arep menyang kutha. Gelem ora gelem kudu ngliwati.

“Kapan, ya, dalan iki didandani?” Darman celathu maneh karo sikile nglumpati jeglongan.
“Ya, embuh. Mbok menawa nunggu dirawuhi Pak Presiden,” wangsulane Heru. Kanca-kancane banjur padha ngguyu. Heru pancer lucu. Pinter ndhagel.

“Lho, sapa ngerti ta? Yen dudu Pak Presiden ya Pak Gubernur wae. Mesthi dalan iki banjur diaspal, ha..ha..,” bacute Heru.
“Mbok kowe kirim layang kanggo Pak Presiden, Ru?”
Lastri muni karo nglirik Eni.

“Iya, Ru. Paling ora layang kanggo Pak Gubernur,” Eni nambahi.

Teman-temannya hanya bisa diam karena mereka tidak tahu harus menjawab apa. Setiap hari mereka melewati jalan itu. Pergi ke sekolah, pulang sekolah, begitu juga jika hendak ke pusat kota.

Mau tidak mau harus melewati jalan itu.

“Kapan, ya, jalan ini diperbaiki?” Darman bertanya lagi sambil melompati lubang jalan.
“Tidak tahu. Menunggu didatangi Pak Presiden,” jawab Heru.

Teman-teman Heru tertawa. Heru memang senang melucu. Dia pintar membuat lelucon.

“Ya, siapa tahu? Kalau bukan Pak Presiden mungkin Pak Gubernur saja. Pasti jalan ini langsung diaspal, ha..ha..ha..,” lanjut Heru.
“Kenapa kamu tidak kirim surat kepada Pak Presiden, Ru?” tanya Lastri sambil melirik Eni.

“Betul, Ru. Paling tidak surat untuk Pak Gubernur,” Eni mempertegas pertanyaan Lastri.



“Aku arep kirim layang marang Pak Deandels wae!” Heru wangsulan karo ngguyu.

“Lho, kuwi rak Gubernur Jenderal Hindia Belanda, ta?” Dewo takon. “Gene kowe ngerti, Wo?” Edi melu muni.

“Apa kowe ora ngerti menawa pelajaran sejarah, aku oleh biji sanga?” wangulane Dewo sajak karo umuk.

“Huuuuu...Dewo umuk!” kanca-kancane padha nyoraki.

Dewo ngguyu karo gela-gelo sajak mbagusi. Bocahe pancen pinter ing babagan sujarah. Sregep maca buku-buku sujarah. Uga ora wigah-wigih takon bapa lan ibune menawa ora ngerti.

“Aku mau kirim surat kepada Pak Deandels saja!” celetuk Heru sambil tertawa.

“Lho, dia itu ‘kan Gubernur Jenderal Hindia Belanda?” tanya Dewo. “Ternyata kamu tahu, Wo?” celetuk Edi.

“Apa kamu tidak tahu kalau pelajaran sejarah, aku dapat nilai sembilan?” jawab Dewo sambil menepuk dada.

“Huuuu, Dewo sompong!” sorak teman-temannya.

Dewo tertawa sambil menggeleng-gelengkan kepala. Anaknya memang pintar untuk mata pelajaran sejarah. Dia rajin membaca buku-buku sejarah. Tidak sungkan bertanya kepada ayah dan ibunya jika tidak tahu.

Dalan kuwi pance wus rusak. Akeh jeglongan. Suket ngrembuyuk ana ngendi-endi. Uga alang-alang. Mula, bocah-bocah ora wani sekolah numpak pit.

Bisa tiba.

“Yuk, kapan-kapan awake dhewe ndandani dalam iki!”

Darman celathu karo nyawang kanca-kancane. Kabeh katon kaget.

“Karepmu piye, Dar?” Anto takon.

“Rasah nunggu rawuhe Pak Presiden apa Pak Gubernur. Dalan iki awake dhewe wae sing ndandani,” Darman wangulan.

“Apa bisa?” genti Lastri sing takon.

“Ya alon-alon. Ora sanalika rampung. Sing baku awake dhewe duwe krenteg,” Darman menehi penjelasan.

Jalan itu memang benar-benar rusak. Di sana-sini banyak lubang. Rumput tumbuh subur di mana-mana. Begitu juga ilalang. Karena itu, anak-anak tidak berani ke sekolah naik sepeda. Takut terperosok di lubang jalan.

“Yuk, kapan-kapan kita saja yang memperbaiki jalan ini!” ajak Darman sambil menoleh ke arah teman-temannya.


Semua pada kaget.

“Maumu bagaimana, Dar?” tanya Anto.

“Tidak usah menunggu kedatangan Pak Presiden atau Pak Gubernur. Kita sendiri yang akan memperbaiki jalan ini,” jawab Darman.

“Apa kita mampu?” ganti Lastri yang bertanya.

“Ya pelan-pelan kita kerjakan. Tidak seketika selesai. Yang penting kita semua punya niat memperbaiki,” Darman memberi penjelasan.



Sorene bocah-bocah mau ora padha dolanan. Kabeh nglumpuk ana omahe Darman. Ora nganggo dikomandho, kabeh banjur padha umyek ngrembug arep ndandani dalan.

“Ragade saka ngendi, Dar?” pitakone Sahid.

“Iya, ora gampang, lho, golek ragad,” Nanang mbangetake pitakone Sahid.

“Ragade gampang!” wangsulane Darman.

“Saka ngendi? Sapa sing arep menehi?” Dewo genti takon.

Darman mesem karo nyawang kanca-kancane.

“Apa arep kerja paksa kaya jamane Dhandeles dhek semana? Saka Anyer tekan Panarukan wong-wong diakon kerja paksa. Kerja paksa ora oleh upah?” Dewo nandhes banget anggone takon.

Sore itu mereka tidak bermain-main seperti biasanya. Semua berkumpul di rumah Darman. Tanpa komando, mereka lalu berembuk akan memperbaiki jalan.

“Biayanya dari mana, Dar?” tanya Sahid.

“Iya. Tidak mudah, lho, cari biaya,” celetuk Nanang menimpali pertanyaan Sahid.

“Biayanya mudah!” jawab Darman.

“Dari mana? Siapa yang akan memberi?” Dewo ikut bertanya.

Darman tersenyum sambil memandang teman-temannya itu.

“Apa mau kerja paksa seperti zaman Deandels saat itu? Dari Anyer sampai Panarukan orang-orang disuruh kerja paksa. Kerja paksa itu kita bekerja tanpa upah,” tanya Dewo sambil memberi penjelasan dengan tegas.



**“Saiki wus jaman mardika.
Ora dijajah Landa, Inggris,
apa dene Jepang. Awake
dhewe nguri-uri piwulange
para luhur,” Darman
menehi wangsulan.**

**“Terus piye carane golek
ragad?” kanca-kancane
takon saur manuk.**

**“Gotong royong!”
wangulane Darman cekak.
“Awake dhewe kudu gelem
gotong royong saben dina.
Wayah sore timbang
dolanan luwih becik gotong
royong. Minggu utawa dina
prei uga gotong royong.
Piye?”**

**Bocah-bocah banjur padha
sawang sinawang.
Nanging, ora gantalan
suwe banjur sumaur
bareng, “Sarujuk! Setuju!
Gotong royong!”**

**“Sekarang ini kita sudah
merdeka. Tidak lagi dijajah
Belanda, Inggris, atau pun
Jepang. Kita belajar dari
ajaran leluhur yang
adiluhung,” jawab Darman.**

**“Terus bagaimana caranya
mencari biaya?” mereka
bertanya
bersahut-sahutan.**

**“Gotong royong!” jawab
Darman singkat. “Kita
semua harus mau gotong
royong tiap hari. Sore hari,
daripada kita bermain-
main, lebih baik gotong
royong. Jika hari Minggu
atau hari libur, kita juga
bisa gotong royong.
Bagaimana?”**

**Kemudian, mereka saling
memandang satu dengan
yang lain. Namun, tidak
lama kemudian langsung
menyahut, “Setuju! Setuju!
Gotong royong!”**

**Bocah sanga kuwi banjur
padha numpangake tangan
siji lan sijine. Kuwi
pratandha menawa kabeh
wus nyawiji kekarepane.
Duwe krenteg ndandani
dalan kang rusak.**

**Ana ing dina candhake,
Darman banjur ngajak
kancane cacah papat
ngukur dalan. Heru, Anto,
Nanang, lan Dewo mongkog
atine diajak miwiti
tumandang gawe. Bareng
diukur dalan kang rusak
banget dawane ana 110
meter. Akeh jeglongane.**

**“Lho, kok, meh padha karo
dalan gaweane Deandels,
ya?” celathune Dewo.**

**“Ah, tenane?” Nanang
maido.**

**“Dalan Deandels utawa
Dalan Pos dawane udakara
ana 1.100 kilometer. Kuwi
menawa diukur saka Anyer
tekan Panarukan,” bacute
Dewo.**

**Mereka lalu saling
menumpangkan telapak
tangan. Hal itu sebagai
simbol mereka sudah
sehati. Mereka memiliki
tekad bersama untuk
memperbaiki jalan yang
rusak.**

**Hari berikutnya, Darman
mengajak empat temannya
untuk mengukur panjang
jalan. Heru, Anto, Nanang,
dan Dewo merasa senang
diajak untuk mulai bekerja.
Setelah diukur, panjang
jalan yang rusak sekitar
110 meter. Ada banyak
lubang di sana sini.**

**“Lho, hampir mirip jalan
buatan Deandels, ya?”
celetuk Dewo.**

**“Ah, yang benar?” tanya
Nanang.**

**“Jalan Deandels atau Jalan
Pos, panjangnya kurang-
lebih 1.100
kilometer. Membentang dari
Ayer sampai Panarukan,”
lanjut Dewo.**

“Dadi, dalan sing rusak jembare 6 meter, dawane 110 meter?” pitakone Heru.

Darman lan Dewo manthuk-manthuk. Darman banjur muni, “Saupama saben sore awake dhewe gotong royong. Piye mungguh panemune kanca-kanca?”

“Sarujuk!” Anto semaur rada banter.

“Aku, ya, sarujuk!” Nanang nambahi.

“Saupama saben sore awake dhewe ndandani dalan telung meter, udakara sewulan rampung. Apa maneh yen dina Minggu bisa ngurug 10 meter. Ora nganti sewulan gawean wus rampung. Dalan iki bisa diliwati kanthi numpak pit,” kandhane Darman marang kanca-kancane.

Krungu tembunge Darman bocah telu padha manthuk-manthuk.

“Dadi kawiwitan sesuk sore awake dhewe gotong royong?” pitakone Darman.

“Sendika dhawuh komandhan!” bocah telu pada nyahut.

“Jadi, jalan yang rusak itu lebarnya 6 meter, panjangnya 110 meter?” tanya Heru.

Darman dan Dewo mengangguk-angguk. Darman lalu berkata, “Teman-teman, bagaimana kalau tiap sore kita gotong royong?”

“Setuju!” sahut Anto.

“Aku juga setuju!” kata Nanang.

“Andaikata tiap sore kita memperbaiki jalan sepanjang tiga meter, kira- kira sebulan selesai. Apalagi jika hari Minggu bisa memperbaiki sepanjang sepuluh meter. Tidak sampai sebulan semua pekerjaan sudah tuntas. Jalan ini bisa kita lewati sambil naik sepeda,” Darman memberi penjelasan kepada teman-temannya.

Mendengar itu mereka bertiga lalu mengangguk-angguk.

“Bagaimana kalau kita mulai gotong royong besok sore?” tanya Darman.

“Siap komandan!” jawab tiga anak itu.

**Sore kuwi bocah sanga
wiwit tumandang gawe.
Ana sing nggawa sekop,
pacul, senggrong, linggis,
tenggok, arit, lan liya-
liyane. Eni karo Lastri
kajibah nyiapake konsumsi.
Mula bocah loro banjur
nggodhog wedang.**

**Darman maculi lemah ing
kiwa dalan. Heru banjur
madhahi nganggo ember.
Sabanjure diurugake ana
jeglongan.**

**Nanang ndhongkeli krakal
ana kalen sacedhake dalan.
Anto karo Dewo banjur
madhahi ana ing tenggok.
Kekarone uga banjur
ngurugi jeglongan nganggo
krakal kuwi.**

**“Ayo, ayo, leren dhisik!
Ngombe-ngombe wedang
teh anget!” Lastri njedhul
karo mbengok. Eni
nyangking jumbo isi
wedang teh.**

**Sore itu sembilan anak mulai
bekerja. Ada yang membawa
sekop, cangkul, senggrong,
linggis, keranjang, sabit, dan
peralatan lain. Eni dan Lastri
mendapat tugas menyiapkan
konsumsi. Karena itu,
keduanya lalu masak air untuk
membuat minuman.**

**Darman mencangkul tanah di
kiri jalan. Lalu, Heru
memasukkan ke dalam ember.
Kemudian, tanah itu
digunakan untuk menguruk
lubang jalan.**

**Nanang mendongkel batu dan
kerakal di selokan dekat jalan
itu. Kemudian, Anto dan Dewo
memasukkan ke dalam
keranjang. Selanjutnya, batu
dan kerakal itu digunakan
untuk menguruk lubang jalan.**

**“Ayo, ayo, istirahat dulu!
Minum teh hangat” Lastri
muncul sambil teriak-teriak.
Eni berjalan di belakangnya
membawa jumbo isi minuman
teh.**



**Ngerti Lastri karo Eni
teka nggawa wedang,
Sahid nyedhaki dhisik
dhewe.**

**“Wus ngelak, ya, Hid?”
pitakone Lastri.**

**“Ngelak nganggo
banget,” wangsulan
Sahid. Edi uga banjur
nusul melu wedangan.**

**“Darman, Heru, Anto,
Nanang, Dewo, ayo mrene
ngombe dhisik! Mumpung
wedange isih anget,”
celathune Eni karo
ngawe-awe.**

**Bocah lima mau banjur
padha mlaku alon-alon.
Lastri karo Eni banjur
ngedum gelas isi wedang.**

**Begitu tahu Lastri dan Eni
datang membawa
minuman, Sahid langsung
mendekat.**

**“Sudah haus, ya, Hid?”
tanya Lastri.**

**“Haus sekali!” jawab
Sahid. Edi pun segera
mendekat dan ikut minum.**

**“Darman, Heru, Anto,
Nanang, Dewo, ayo
kemari! Minum dulu.
Mumpung masih hangat
ini,” celetuk Eni sambil
melambaikan tangan.**

**Kemudian, lima anak itu
berjalan pelan menuju ke
tempat Lastri dan Eni.
Keduanya segera
membagikan gelas berisi
minuman.**

Lagi padha enak-enak wedangan, dumadakan ana wong tuwa nyedhaki. Bocah-bocah banjur padha ngadeg paweh pakurmatan.

“Sugeng sonten, Mbah Sardi,” Dewo nyedhaki karo nyalami wong tuwa mau.

Wong kang aran Mbah Sardi banjur manthuk-manthuk. “Iki padha gotong royong ndandani dalan?” pitakone wong kuwi.

“Nggih, Mbah Sardi. Amrih sami mboten kejeglong menawi langkung mriki,” Darman menehi wangsulan.

Ketika mereka sedang menikmati minuman, tiba-tiba datang seseorang mendekati mereka. Anak-anak lalu berdiri memberi salam dan hormat.

“Selamat sore, Mbah Sardi,” sambut Dewo sambil menyalami tangan orang itu.

Orang yang bernama Mbah Sardi itu lalu mengangguk-angguk. “Kalian gotong royong memperbaiki jalan, ya?” tanya orang itu.

“Iya, Mbah Sardi. Supaya yang lewat tidak terperosok ke lubang jalan,” jawab Darman.



“Apik, apik. Aku sarujuk. Ning aku weling, ya. Kae wit trembesi karo wit pule aja ditegor,” celathune Mbah Sardi.

**Bocah sanga kuwi padha manthuk-manthuk.
Sajak ngerti apa kang dikarepake Mbah Sardi.**

“Kana kae panggonane dhanyang kene. Mula angker. Yen nganti ditegor, dhanyange bisa padha ngamuk. Ngerti?”


**“Ngertos, Mbah!”
wangsulane bocah-bocah kuwi kanthi saur manuk.**

“Bagus, bagus. Saya setuju. Namun, saya berpesan, pohon trembesi dan pohon pule jangan ditebang, ya,” kata Mbah Sardi.

**Mereka lalu mengangguk-angguk.
Paham apa yang dikehendaki Mbah Sardi.**

“Di sana itu rumah danyang yang menunggu tempat ini. Makanya, angker. Jika ditebang, danyang bisa marah dan mengamuk. Mengerti?”

**“Mengerti, Mbah!”
jawab mereka serempak.**



**“Ya, uwis. Mung kuwi
welingku. Sing padha
ngati-atи menawa nyedhaki
wit trembesi.”** Muni ngono
**Mbah Sardi banjur
nerusake laku ninggalake
bocah sanga mau.**

**Darman mesem krungu
welingе Mbah Sardi. Lastri
karo Eni katon keweden.**

**“Banjur piye iki apike?”
Nanang takon marang
kanca-kancane.**

**“Ora papa. Aku sarujuk
karo panemune Mbah
Sardi,”** Dewo menehi
wangulan.

**“Ya, sudah. Hanya itu
pesanku. Hati-hati kalau
berada di dekat pohon
trembesi,”** setelah itu
Mbah Sardi pergi.

**Darman tersenyum
mendengar pesan Mbah
Sardi. Lastri dan Eni
tampak ketakutan.**

“Terus bagaimana ini?”
tanya Nanang kepada
teman-temannya.

**“Tidak apa-apa. Aku
setuju dengan pesan Mbah
Sardi,”** jawab Dewo.

**“Lho, kowe sarujuk
menawa wit trembesi
kae angker, Wo?”** Lastri
takon karo nyedhaki
Dewo.

**“Aku sarujuk ora nggon
babagan angkere, Tri.
Nanging wit trembesi
kudu dijaga lestarine,”**
wangsulane Dewo.

**“Kareben dhanyange
ora padha ngamuk?”**
Sahid melu celathu.

**“Dudu babagan kuwi.
Nanging, amarga wit
trembesi kuwi bisa
nyimpen banyu. Awake
dhewe ngerti, ta,
menawa mangsa ketiga
belik kana kae ora tau
asat?”**

**“Lho, kamu setuju kalau
pohon trembesi itu
angker, Wo?”**
tanya Lastri
sambil mendekati Dewo.

**“Aku setuju bukan soal
angkernya, Tri. Namun,
aku setuju pohon
trembesi
itu harus dijaga
kelestariannya,”** jawab
Dewo.

**“Supaya para danyang
tidak marah?”** celetuk
Sahid.

**“Bukan soal itu. Namun,
karena akar pohon
trembesi itu bisa
menyimpan air. Kita
semua tahu ‘kan, ketika
musim kemarau sumber
air di sana tidak pernah
kering?”**

Kabeh padha manthuk-manthuk krungu panjelasane Dewo. Pancen wit trembesi kaya dene wit ringin. Bisa nyimpen banyu udan.

Ana ing dina candhake, sing padha melu gotong-royong tambah akeh. Ora mung bocah sanga kuwi. Bapak-bapak lan ibu-ibu uga padha melu ewang-ewang.

Menawa dina Minggu, dalan kuwi dadi rame. Tuwa enom padha tumandang gawe. Ana sing ndhongkeli krakal. Ana sing ngedhuk lemah. Ana sing padha ngurug.

Lastri lan Eni uga tambah entheng gaweyane amarga ana ibu-ibu kang mbiyantu nyepaki konsumsi. Mula, ora gumun menawa dalan sing dhisik rusak saiki wus dadi apik. Kabeh jeglongan diurug. Dalane banjur ketok gilar-gilar.

Semua mengangguk-angguk setelah mendengar penjelasan Dewo.

Memang, pohon trembesi seperti pohon beringin. Akarnya mampu menyimpan air hujan.

Pada hari selanjutnya, yang ikut gotong royong semakin banyak. Bukan hanya sembilan anak itu saja. Bapak-bapak dan ibu-ibu juga ikut membantu.

Kalau pada hari Minggu, jalan itu menjadi ramai. Tua muda semua ikut bekerja. Ada yang mendongkeli batu dan kerakal. Ada yang mengeruk tanah dan pasir. Lalu ada yang menguruk.

Lastri dan Eni menjadi ringan tugasnya karena ada ibu-ibu yang ikut membantu menyiapkan konsumsi. Karena itu, tidak heran jika jalan yang dulu rusak parah sekarang menjadi bagus. Jalannya menjadi tampak lebar dan bersih.

**Amarga padha sengkut
anggone gotong-royong,
dalan mau wus rampung
sajrone rongpuluh dina.
Kabeh padha mongkog.
Dalane wus alus lan ora
mbebayani.**

**Sore kuwi warga
Padukuhan Mulyareja
padha kumpul ana ing
lapangan sacedhake dalan.
Tuwa enom, prasasat
tumplek bleg ana kono.
Sore kuwi jeneng dalan sing
lagi wae didandani bakal
dikeyakake. Nanging,
kabeh durung ngerti arep
dijenengi dalan apa.**

**Darman sakanca wus wiwit
awan nyepakake kabeh uba
rampene. Bapak-bapak
aweh pambiyantu. Semono
uga para ibu. Kabeh
tumandang gawe kanthi ati
bungah.**

**“Kandhane Pak Dhukuh
dalan iki arep dijenengi
kanggo tetenger. Nanging,
padha durung ngerti
jenenge. Kowe wus ngerti,
Dar?” pitakone Dewo
marang Darman.**

**Karena rajin dalam
bergotong royong,
perbaikan jalan selesai
dalam waktu dua puluh
hari. Semua warga bangga.
Jalan sudah halus dan tidak
membahayakan bagi yang
melewati.**

**Sore itu, warga Padukuhan
Mulyareja berkumpul di
lapangan dekat jalan. Tua
muda berkumpul di sana.
Jalan itu akan diresmikan
dan diberi nama. Namun,
semua belum tahu akan
dinamai jalan apa.**

**Darman dan teman-teman
sejak siang menyiapkan
segala sesuatu. Mereka
dibantu bapak-bapak.
Begini juga ibu-ibu. Semua
bekerja dengan hati
gembira.**

**“Kata Pak Dukuh jalan ini
akan diberi nama sebagai
kenangan. Namun, belum
ada yang tahu namanya.
Kamu sudah tahu, Dar?”
tanya Dewo kepada
Darman.**

**Darman gedheg-gedheg.
Pratandha menawa pancen
ora ngerti. “Paling padha
karo jenenge padukuhan,”
celathune.**

**“Dalan Mulyareja?”
Nanang banjur takon.**

Darman manthuk.


**“Ya, uwis. Nunggu Pak
Dhukuh wae,” Heru banjur
celathu sajak rada gela.**

**Darman geleng-geleng
karena memang belum tahu.
“Paling sama
dengan nama padukuhan,”
katanya kemudian.**

**“Jalan Mulyareja?” Nanang
bertanya.**

Darman mengangguk.

**“Ya, sudah. Kita tunggu
penjelasan Pak Dukuh
saja,” kata Heru ikut
nimbrung.**



**Tekan titi wancine, Pak
Dhukuh menehi sesorah.
Wong-wong padha
nggateake.**

**“Bapak, Ibu, para kadang
wreda lan anak-anakku,
saiki aku menehi tetenger
dalan ini. Wus dakpikir
pirang-pirang dina,
wusanane aku nemu
jeneng. Apik banget. Kanthi
rahmat lan palilah Gusti
Kang Maha Agung, dalan
iki dakjenengi Dhandeles!”
kandhane Pak Dhukuh.**

**“Lho, kok, mawi asma
Walanda, Pak Dhukuh?”
ana warga kang protes.**

**“Kula nggih mboten
sarujuk, Pak Dhukuh!
Mosok dalan padhukuhan
mawi asma Walanda!”
warga liyane melu protes.**

**Ketika tiba saatnya acara
peresmian nama jalan
dimulai, Pak Dukuh
berpidato. Orang-orang
memperhatikan.**

**“Bapak-bapak, Ibu-ibu,
anak-anakku, tiba saatnya
saya akan meresmikan
jalan ini. Sudah saya pikir
berhari-hari. Akhirnya,
saya menemukan nama.
Bagus sekali. Oleh karena
itu dengan rahmat Tuhan
Yang Maha Esa, jalan ini
saya beri nama Dhandeles!”
kata Pak Dukuh.**

**“Lho, kok, pakai nama
Belanda, Pak Dukuh?”
celetuk seorang warga
memprotes.**

**“Saya juga tidak setuju,
Pak Dukuh! Mosok jalan
padukuhan pakai nama
Belanda!” protes warga
yang lain.**

Wong-wong banjur padha pating plenggong. Wang-sinawang marang siji lan sijine. Semono uga Darman sakanca. Kabeh padha ora ngerti karepe Pak Dhukuh.

**Pak Dhukuh mesam-mesem.
Ora let suwe, piyambake
banjur mbacutake anggone
sesorah.**

**“Aku, ya, ora sarujuk
menawa nganggo jeneng
Walanda. Nanging, jeneng
mau kanggo tetenger bocah
sanga kang ada-ada
ndandani dalan.”**

**“Oo ...,” wong-wong padha
mlongo krungu tembunge
Pak Dhukuh.**

**Orang-orang pada melongo.
Mereka saling memandang
wajah satu dengan
yang lain. Begitu juga
Darman dan teman-
temannya. Semua tidak
mengerti apa maunya Pak
Dukuh.**

**Pak Dukuh malah
tersenyum. Sesaat
kemudian ia melanjutkan
pidatonya.**

**“Saya juga tidak setuju
kalau menggunakan nama
Belanda. Tapi, nama tadi
untuk menghargai sembilan
anak yang memulai
memperbaiki jalan ini.”**

**“Oo ...,” orang-orang
terkesima mendengar
penjelasan Pak Dukuh.**



**“Bocah sanga kang ada-
ada ngadani gotong-royong
ndandani dalan arep
dakundang mbaka siji.
Mengko padha maju.
Kareben warga
padukuhan ngerti kabeh.”
Pak Dhukuh mandheg
anggone sesorah.**

**Wong-wong banjur padha
pating celinguk nggoleki
sapa bocah sanga mau.**

**“Darman, ayo maju!”
suwarane Pak Dhukuh rada
banter. Darman banjur
maju. “Banjur Heru, Anto,
Nanang, Dewo, Eni, Lastri,
Edi, Ian Sahid!”**

**Bocah-bocah mau banjur
padha maju nyedhaki Pak
Dhukuh. Ngadeg jejer
tangane ngapurancang.**

**“Merekalah yang punya
gagasan untuk bergotong
royong memperbaiki jalan.
Semua akan saya undang
satu-satu. Nanti silakan
maju supaya warga
padukuhan semua tahu!”
Pak Dukuh menghentikan
pidatonya.**

**Orang-orang melihat kanan
kiri mencari siapa sembilan
anak itu.**

**“Darman, ayo maju!”
panggil Pak Dukuh dengan
suara lantang. Darman lalu
maju. “Selanjutnya, Heru,
Anto, Nanang, Dewo, Eni,
Lastri, Edi, dan Sahid!”**

**Mereka lalu maju mendekati
Pak Dukuh. Berdiri berjejer
dengan sikap hormat.**

“Dadi jeneng Dhandeles mau dakjupuk saka aksara ngarep dhewe arane bocah sanga iki. Darman, Heru, Anto, Nanang, Dewo, Eni, Lastri, Edi lan Sahid. Iki minangka tetenger lan atur panuwun warga marang bocah sanga sing sregep. Pripun, sarujuk mboten?” pitakone Pak Dhukuh karo sajak ndengangak.

**“Sarujuk! Sarujuk!”
sumaure warga padukuhan.**

“Dalan Dhandeles?” Pak Dhukuh takon maneh.

“Nggih, nggih, sarujuk!”

Warga padukuhan banjur keplok bareng mbata rubuh.

“Jadi, nama Dhandeles itu saya ambil dari huruf terdepan nama sembilan anak ini. Darman, Heru, Anto, Nanang, Dewo, Eni, Lastri, Edi dan Sahid. Ini sebagai kenangan dan tanda terima kasih warga padukuhan kepada mereka. Mereka menjadi contoh anak-anak yang rajin. Bagaimana, setuju tidak?” tanya Pak Dukuh.

“Setuju! Setuju!” jawab warga padukuhan.

“Jalan Dhandeles?” Pak Dukuh mengulang pertanyaannya.

“Ya, ya. Setuju!”

Warga padukuhan itu lalu bertepuk tangan riuh sekali.

Biodata

Penulis: M. Budi Sardjono. Penulis ini pada awalnya banyak menulis fiksi dalam bahasa Indonesia (cerpen, novelet, novel, dan lain-lain). Pak Budi Sardjono sering memperoleh penghargaan dan memenangi kejuaraan lomba menulis. Tahun 2016 mulai menulis dalam bahasa Jawa. Novel bahasa Jawa *Prau Layar ing Kali Code* menjadi nomine lomba tahun 2027. Novel lainnya, *Prau Layar ing Kali Opak* masuk dalam lima besar lomba menulis novel Jawa yang diselenggarakan oleh Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) Provinsi DIY.

Ilustrator: Angga Yuniar Santosa. Full time Ilustrator yang tinggal di Sedayu Bantul, aktif berkarya seni dan berpameran seni rupa. Sering mengisi kelas-kelas mengajar maupun workshop seni di berbagai ruang pendidikan dan umum. Kontak hubung WA 082227597591

Penyunting: Nur Ramadhoni Setyaningsih. Lahir dan tinggal di Sleman. Saat ini ia aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY. Ia juga menjadi salah satu pengelola Jurnal Widyaparwa termasuk melakukan penyuntingan naskah. Selain itu, ia juga melakukan penyuntingan naskah-naskah cerita. Dapat ditemui di kantor dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta; telepon (0274) 562070; posel nurramadhonis@gmail.com.

***Gerakan
Literasi
Nasional***



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Darman dan teman-temannya memiliki ide untuk bergotong-royong memperbaiki jalan. Mereka bergotong-royong setiap sore hari. Darman dan teman-teman membagi tugas supaya pekerjaan mereka lebih ringan. Bukan hanya mereka, warga sekitar juga ikut membantu setiap hari Minggu. Darman dan teman-teman merasa senang karena jalan menuju ke sekolah sekarang sudah bagus.



ISBN 978-623-112-454-8 (PDF)



9 786231 124548



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA

2023